АССАЛАМУ ГІАЛАЙКУМ!

# ЦОЛЪИ

№7
(10054)
РУЗМАН
24 февраль
2023 сон
3 ШАГІБАН 1444 СОН

Шамил районалъул газета

Газета бахъизе байбихьана 1931 соналъул маялда

Единство — Газета къватІибе уна моцІида жаниб 4 нухалъ — Багьа эркенаб

■ ТАДБИРАЛ

## ВатІаналъул цІар цІунулаго тІерхьарал цІваби Даим цІунила нуж нижер ракІазулъ

**Араб анкьида нижеца бицун букІана Украиналда унеб бугеб хасаб рагъулаб операциялда чІван рачІарал васазул цІарал кьолел тадбирал тІоритІиялъул.**
**Гьаб анкьида мемориалияб хъарщи рагьун, рагъул бахІарчи ракІалде щвезавураб тадбир тІобитІана Гьолокь росулъ.**



Гьолокь росулъ гьединаб тадбир тІобитІана 20 февралалъ. Росдал ясли-ахалъе кьуна Украиналъул рагъулал лъугьа-бахъиназул гІахьалчи, младший сержант НурмухІамадов МухІамад ХІажимурадовичасул цІар.

Гьеб тадбиралда гІахьаллъизе щвана районалъул бетІерасул заместитель ГІ. Рамазанов, гІолилазул ишазул специалист М.Хатиев, ХІебда КДЦялъул нухмалъулев Х.ХирамухІамадов, херазул Советалъул председатель, руччабазул Советалъул председатель У.ГІалибегова, райгазеталъул редактор П.МухІамадова, КЦСОНалъул отделалъул специалист М. Гьолокь садикалъул ва школалъул хІалтІухъаби, росуцоял ва МухІамадил гІагарлъи.

Районалъул бетІерасул цІаралдаса 23 февраль-ВатІан цІунулезул къоги данделъаразда баркун, ГІ. Рамазановас рекІее сабруги, сахлъиги гьарана рагъухъанасул хъизан-гІагарлъиялъе.

КІалъазе рахъанщиназ бицана М.НурмухІамадовасул бахІарчилъиялъул, цІалана ВатІан цІуниялде гьарурал кучІдул, эменго вихьичІого гІун вачІунев вугев гьесул васасе гьаруна гьари-дугІаял.

Районалда гІуцІун бугеб «Кинабго фронталъе-Кинабго бергьенлъиялъе» фондалъул рахъалдасан, 23 февральги баркун, чІварав васасул хъизаналъе ва мобилизациялда рекъон аразе кьуна 10 азарго гъурущ щивасе. Гьолокь гьединаб хъизан 5 буго. Районалда ругел мобилизованыязул, рагъда чІваразул ва хварал Афгъаналъул ветераназул хъизаназе, гІамм гьабун 17 хъизаналъе, щвана гІарцулаб кумек. Гьединго, кванил нигІматазул сайгъатал кьуна КЦСОНалъул рахъалдасан.

**ТІ. МУХІАМАДОВ**



## Авар мацІалъул юбилеялъулаб фестиваль

**Араб шамат къоялъ МахІачхъалаялда тІобитІана Халкъазда гьоркьосеб рахьдал мацІазул къоялде гІуцІараб тадбир - Авар мацІалъул 10-леб юбилеялъулаб фестиваль. Ахирияб кІиго соналъ коронавирусалъул унти сабаблъун гьабун букІинчІо рахьдал мацІазул фестивалъ. Гьелъ батила, цоцахъ чІалгІарал миллатцояз гІажаибаб хинлъигун ва рохелгун байбихьана данчІвай.**
**МагІарул миллияб ратІлилъ рукІана фестивалалде щварал гІемерисел гІахьалчагІи.**





(Ахир 2-леб гьум.)

■ БАРКИЯЛ




### ВатІан цІунулесул къо!

ХІурматиял рагъулал къуватазул ветеранал, Российялъул Армиялда хъулухъ гьабурал гІолилал ва тІолабго районалъул жамагІат! РакІ-ракІалъго баркула нужеда тІаде щвараб ВатІан цІунулезул къо-23 февраль!

Гьаб ккола эркенлъи цІуниялъе гІоло рагъулъ бихьизабураб бахІарчилъиялъул бицунеб байрам. ГІемер руго нилъер районалда рагъул кьогІлъи бихьарал, ВатІаналде къо ккедал, жидер рухІалда барахщичІого хъулухъ гьабурал рагъухъаби. Жакъа къоялъги тІатунеб буго нилъер районцояз хасаб спецоперациялда бихьизабулеб бугеб бахІарчилъи. Гьелъие далиллъун буго Украиналда хъулухъ тІубалел ругел нилъер ракьцоязе щолел ругел тІадегІанал пачалихъалъулал шапакъатал. Дир божиги буго хадубккунги ВатІаналде къо ккани, нилъер гІолохъабаз ракІбацІцІадго жидедаго тІадаб налъи тІубазабиялда.

Гьарула киназего щулияб сахлъиги, даимаб рекъелги, парахатаб гІумруги, цІунайги нилъ рагъ-кьалалдаса! Армиялда хъулухъ гьабулаго щвараб хІалбихьиги хІалтІизабизе хъван батугеги нилъее. Гьаб рагъулаб ахІвал-хІалги лъугьун, гьарула киназего парахатаб, ракълилаб гІумру.

**Районалъул бетІер**
**МухІамад ХІАСАНОВ**

### Баркула байрам!

Районалъул тІолалго ветераназда, районазул ветераназул Советазул председателазда, Афгъанистаналъул рагъул ва Украиналда тІобитІулеб бугеб хасаб рагъулаб операциялъул гІахьалчагІазда ракІ-ракІалъ баркула гьайбатаб байрам- ВатІан цІунулесул къо!

Гьарула киназего щулияб сахлъи, талихІ ва рохел! Бихьизе хъван батугеги нилъеда рагъул кьогІлъи.

**М-Р ГІУМАРАСХІАБОВ,**
**районалъул ветераназул Советалъул председатель**

■ НИЛЪЕР БАХІАРЗАЛ

## МухІамад Ашаханилаевичасе - БахІарчилъиялъул орден



Цебеккунго нижеца газеталда кьун букІана нилъер районцояв, запасалъул офицер, ТІелекьа Раджабов МухІамад Ашаханилаевичасул хІакъалъулъ. Жиндиего бокьун Украиналда бугеб спецоперациялда гІахьаллъи гьабизе ун, ротаялъул командирлъун вукІарав МухІамад Ашаханилаевич, къадруялда хъулухъги тІубан, сах-саламатго тІадвуссун вукІана.




Жиндирго нухмалъиялда гъоркь рукІарал 86 добровольцал-рагъухъабигун, рагъул хІалбихьи букІарав МухІамад Раджабовас, гъалатІ ккезе течІого цІунана жиндаго рихьизарурал ракьал.

Кьалул майданалда бихьизабураб бахІарчилъиялъухъ, МухІамад Раджабовасе 2022-леб соналъул 22-леб сентябралъ РФялъул Президентас кьураб указалда рекъон, кьуна БахІарчилъиялъул орден.

**НИЖЕР МУХБИР**

■ ТАДБИРАЛ

# Авар мацIалъул юбилеялъулаб фестиваль









**(Байбихьи 1-себ гьум.)**

Радал сагIат 10 тIубаралдаса нахъе къаси 8 тIубазегIан халатбахъараб фестивалалъул программа букIана санайилго гIадин Авар театралъул минаялъуб. Гьениб жигараб гIахьаллъи гьабуна нилъер районалъул маданияталъул хIаракатчагIаз ва «Цолъи» газеталъул коллективалъ.

МагIарулазул гIемерисел районаздаса ва шагьараздаса миллатцоял ракIарараб тадбир, санайилго гIадин, гIуцIараллъун рукIана МагIарулазул регионалияб миллиябгун маданияб автономия, Авар мацIалъул мугIалимзабазул ва МагIарул басмабазул ассоциациял.

ГосДумаялъул депутат Сайгидпаша ГIумахановасул ва жиндирго рахъалдаса фестиваль рагьулеб баркиялъулаб кIалъай гьабуна маданияб автономиялъул бетIер Айтемир Сатираевас. Гьединго, баркиялъулаб кIалъайгун цеве вахъана тадбиралда гIахьаллъи гьабизе щварав МахIачхъалаялъул мэр Ризван ГъазимухIамадовги.

Гьаб гIадатлъун билълъараб, Авар мацI кIодо гьабулеб, лъикIаб ишалъе къучI лъуравлъун ккола, магIарулазул гIелмиябгун творческияб интеллигенциялъ автономияги гIуцIун, гьелъул бетIерлъуда тун вукIарав магIарул халкъазул цевехъан Сайгидпаша ГIумаханов. Чанго соналъ ГIумахановас кIудияб кверчIвайги гьабун, тIобитIулеб букIана гьаб фестиваль. Заманалдаса хIукуматалъулаб хъулухъги, аваразул автономиялъул нухмалъиги цадахъ гьабизе бегьичIого, гьеб иш къуна Айтемир Сатираевасухъе.

МагIарулазул маданияталъул хаслъи, миллияб бечелъи рагьулеб тадбиралда кIудияб бутIа лъуна нилъер культураялъул отделалъул хIаракатчагIазги. Миллиял кьурдабигун, зурма-къалигун ва ахIулел чIагоял кучIдулгун, нилъер гьунарчагIаз берцинлъи кьуна фестивалалъе.

Республикаялъул магIарул «ХIакъикъат» газеталъ, магIарул мацI цебетIеялъе гьабулеб хIаракаталъухъ Шамил районалъе «ХIурматалъул грамота» сайигъат гьабуна.

Нилъер ракьцоязул гIахьаллъи, фестивалалъего хасаб берцинлъи кьураб, балагьаралги цIакъ разияб, бищун лъикIаблъун букIанин абуни гьереси ккеларо.

Фестивалалъе ахир гьабуна Авартеатралъ гьалбадерие сайгъат гьабураб, Россиялъул мустахIикъав артист ХIусен Казиевас аслияб роль хIалеб «Булбулалъул кечI» спектаклялъ.

**П. ЖАМАЛУДИНОВА**



■ БАЙРАМАЛ, ТАДБИРАЛ

# 23 февраль кIодо гьабуна

**22-абилеб февралалда КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчагIазе лъураб памятникалда цебе тIугъул лъолеб тадбир тIобитIана. ДугIабиги официалиял кIалъаялги Гьелда хадуб районалъул маданияталъул кIалгIаялда тIобитIана 23 февралалъул хIурматалда байрамалъул тадбир.**







Гьенир гIахьаллъана районалъул нухмалъи, киналго идарабазул хIалтIухъаби, Чачан рагъулал тунка-гIусиязул гIахьалчагIи-ветераналал, Донбассалда унеб бугеб хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчагIи, гьезул хъизамал, росабазул вакилзаби ва цIалдохъаби. Маданияталъул кIалгIаялъул цеберукъалда ХIебда школалъул цIалдохъабазул ва улбузул хIаракаталдалъун тIобитIана ярмарка. Ярмаркаялда ричулел рукIана цIалдохъабаз гьарурал тIагIелал, кванил нигIматал. Ярмаркаялъул аслияб мурад букIана гьениб бичун щвараб гIарац, Донбассалда ругел нилъер аскарияз районцоязе кумекалъе битIи. ТIоцебесеб нухалъ гьабулеб гьеб тадбир ана гIуцIадго, кутакаб жигарчилъиялда.

Гьелдаго цадахъ маданияталъул кIалгIаялда тIобитIана гIатIидаб культурияб программа. Гьеб байбихьана ХIебда ва ТIидиб гьоркьохъел школазул цIалдохъабазда гьоркьоб тIобитIараб «Жея, васал!» КВНалдалъун. Гьеб къецалда халгьабуна цIалдохъабазул музыкалияб, театралияб церерахъин ва рагъулаб хъулухъалде хIадурлъиялъул махщелал. Гьединал тадбираз гъункизабула районалъул гIун бачIунеб гIелалъул цоцазде гьудуллъи ва вацлъи. Киналго конкурсазул хIасилалда бергьенлъи босана ТIидиб школалъул командаялъ. Бергьараб командаялъе кубок ва киналго гIахьалчагIазе грамотабигун медалал къуна райадминистрациялъул рахъалдасан.

КВНалдаса хадуб районалъул культураялъул хIаракатчагIаз бихьизабуна байрамалда хурхун концерталъул программа.

**Давуд ДАВУДОВ**

■ ВАТIАН ЦIУНУЛЕЗУЛ КЪОЯЛДЕ

# Патриотикиял тадбирал

**Багьадурлъиялъул, ВатIан бокьиялъул ва халкъалъул бахIарчияб тарих цIуниялъе гIемерал тадбирал тIоритIула 23 февралалде санайил тIолго пачалихъалда, гьединго, нилъер районалдаги. КIудияб бакI гьел тадбиразулъ ккола лъайкьеялъул идарабазда ва библиотекабазда тIоритIулел тадбираз.**

Райцентралда лъималазул библиотекалда 21 февралалъ тIобитIана ХIебда школалъул 3-леб классалъул цIалдохъабиги гIахьаллъун «ВатIаналъул хъаравуллъуда» абураб тадбир. Лъимал хIадурана байбихьул классазул мугIалим Барият ГьитIиновалъ. Гьелъ бицана ВатIан цIунулезул къоялъул тарихалъул. Хадубккун, ВатIан бокьиялъул ва гьеб цIуниялъул кучIдулгун цере рахъарал лъималаз бихьизабуна театралияб сценкаги, лъукъарав солдатасе кумек гьабулеб.

Лъималазул централияб библиотекалъул нухмалъулей Умайгьанат Абакаровалъ бицана тIаде щолеб бугеб байрамалъул, баркана гьеб киналго дандельаразда ва баркала кьуна цIалдохъабазе лъикIаб гIахьаллъиялъухъ.



Гьединал тадбирал тIоритIана районалъул росабалъ библиотекабаздаги.

Кидагосеб лъикIаб хIадурлъи байрамиял къоязде бихьизабула ХIебда садикалъ. ЧIахIияб группалъул лъималазул дадаби ахIун, цIакъ бечедаб программа бугеб тадбир тIобитIана гьениб.

Тадбиралда гIахьаллъизе ахIун рукIана районалъул бетIерасул заместитель ГI. Рамазанов, райсобраниялъул председатель М.Хизроев, лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев К.Будунов, маданияталъул, гIолилазул политикаялъул, спорталъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев ГI.ГIабдулмухIамадов, ОМВДялъул нухмалъулев М.МухIамадов, гIолилазул политикаялъул специалист М.Хатиев, ХIебда школалъул нухмалъулев ГI.ЖабрагIилов, ЕДДСалъул нухмалъулев З. Рамазанов ва редакциялъул хIалтIухъаби.





Садикалъул нухмалъулей Умакусум ГIалибеговалъ баркана тIаде щолеб бугеб ВатIан цIунулезул къо, гьарана роцIцIараб зобги, ракълилаб гIумруги.

Лъималазул церерахъиналги баркиялги бечед гьаруна хIаяздалъун ва къецаздалъун. Хасго гьира балеллъун ккана дадабазда гьоркьор гьарурал къецал. ЦIакъ кополал хIаяздалъун, берцинго тIобитIараб тадбиралъухъ садикалъул гIуцIарухъабазе ва нухмалъулелъе баркала загьир гьабуна тIаде ахIараз.

Патриотикияб тарбия кьеялъе кIудияб кIвар бугеллъун руго гьединал тадбирал.

**НИЖЕР МУХБИР**

■ ИНТЕРВЬЮ

# Социальный (Пенсионный) фонд разъясняет

**С 2023 года в нашей стране появился Социальный фонд России. Это произошло путем слияния Пенсионного фонда и Фонда социального страхования. О том, что изменилось в части обслуживания граждан после объединения двух ведомств расскажет руководитель клиентской службы в Шамильском районе Отделения СФР по Дагестану Гаджиудратов Ислам Алиасхабович.**

**– Ислам Алиасхабович, были ли какие-то сложности в процессе так называемого «переходного периода»?**

- Взаимодействие на уровне нашего района происходило вполне слаженно. Мы синхронизировали график приема граждан, регулярно проводили переподготовку сотрудников, которые сейчас уже оказывают услуги в нашей клиентской службе Социального фонда. В процессе повышения квалификации специалисты ПФР обучались услугам ФСС, и наоборот.

Благодаря объединению все услуги по линии ПФР и ФСС можно будет получить в одном месте в рамках «одного окна», что существенно упрощает порядок получения выплат. Все работники обоих структур сохранили свои рабочие места.

**- Не стало ли объединение двух ведомств итоговой частью глобальной автоматизации всей социальной системы в нашей стране?**

- Мы автоматически оформляем пенсии по инвалидности, проактивно выдаем сертификаты на маткапитал. После того как женщина рожает ребенка, по данным единого государственного реестра (ЕГР ЗАГС), которые поступают в межрегиональный информационный центр СФР в г.Москва, формируются электронные сертификаты беззаявительно и отправляются в «Личный кабинет» мамочки на портале госуслуг. В Дагестане выдано около 60 тысяч сертификатов именно в проактивном режиме.

Самый актуальный вопрос – выплаты по линии Соцфонда. Мы стараемся делать все самостоятельно. Например, по выплате единого пособия на детей от 0 до 17 лет, подается только заявление через портал госуслуг, дальше все процессы запускаются автоматически. Для оценки имущества мы запрашиваем в налоговой службе доходы на родителей и детей, в Росреестре информацию об имуществе, в МВД - о наличии автомобиля и еще дополнительную информацию. Большая часть выплат назначается в течение десяти рабочих дней.

И эта работа будет продолжаться.

**- Изменилось ли что – нибудь в части прием граждан в учреждениях Социального фонда республики?**

- Теперь к многочисленным услугам по линии пенсионного и социального законодательства в клиентских службах можно оформить технические средства реабилитации для инвалидов, оформить путевку в санаторий, выбрать или изменить способ получения пенсии, а также заказать справку о



праве на предпенсионные льготы.

**- Бывший Пенсионный, а сегодня Социальный фонд, так или иначе, ассоциируется с электронными сервисами. Что вы сегодня предлагаете своим клиентам в этом направлении?**

- Мы рады каждому клиенту, а вот его право выбирать, пользоваться нашими электронными сервисами, или же прийти лично. И мы стараемся сделать такой визит максимально быстрым и комфортным.

Но, прежде всего - запись на прием через сайт или по телефону. В ходе предварительной записи специалисты уточняют причину обращения и предлагают альтернативное решение вопроса, если это возможно. Пошагово подсказывают, как получить услугу без визита. А если человек пришел не по записи, администратор КС проконсультирует посетителя, и помогает воспользоваться электронным терминалом, если это необходимо.

Кроме того, неотъемлемая часть нашей работы – экстерриториальность, то есть без привязки к месту жительства. Мы стараемся предложить получить сразу все выплаты, на которые человек имеет право по своему статусу — пенсионера, инвалида, родителя, — а не только выплаты, за которыми он обратился.

**- Универсальное пособие нуждающимся семьям с детьми! Как обстоят дела с самым востребованным на сегодняшний день направлением работы вашего ведомства?**

- В Дагестане количество поданных заявлений с начала года составляет более 150 тысяч, из них половина одобренных.

Единое пособие заменило нуждающимся семьям ряд действовавших ранее мер поддержки. Две ежемесячные выплаты на первого ребенка, ежемесячные выплаты на детей от 3 до 7 лет и детей от 8 до 17 лет, а также ежемесячное пособие беременным женщинам.

Важно то, что государство дает уникальную возможность - обращаться за мерами поддержки, не выходя из дома, и предоставляются через портал gosuslugi.ru.

**- В последнее время граждане получают информацию через госуслуги о состоянии пенсионного счета и накопленного стажа. Вопросов много, что, в связи с этим необходимо делать?**

- Мы действительно с прошлого года начали проактивно информировать россиян о размере сформированной пенсии и условиях, при которых она назначается. Помимо данных о страховой пенсии в уведомлении также указан размер пенсионных накоплений.

Данные приходят в личный кабинет на портале госуслуг мужчинам, достигшим 45 лет, и женщинам 40 лет. И если вы видите, что ваши права учтены не в полном объеме, необходимо обратиться в СФР.

Вы просто видите накопленные на текущий момент пенсионные права, включая стаж и коэффициенты, и, самое главное, размер пенсии, рассчитанный по этим параметрам. Это помогает, прежде всего, планировать дальнейший трудовой путь.

**- Где можно получить актуальную информацию обо всех направлениях работы Социального фонда?**

- У Социального фонда России очень познавательный сайт – https://sfr.gov.ru/, заходите, в том числе и на домашнюю страничку нашего Отделения, где уверяю вас, найдете ответы на все свои вопросы. Кроме того, наши земляки могут подписаться на наши странички в социальных сетях -

**https://t.me/+r6ySoNxPIZg4NzRi телеграмм**
**https://vk.com/public80544420 в контакте**
**https://ok.ru/pensionnyfond.rfporespdagestan одноклассники**

Ну и телефон регионального колл – центра ОСФР по Дагестану – 8 800 600 03 17, и Единого контакт – центра СФР – 8 800 600 00 00.

**Давуд ДАВУДОВ**

■ НАЛОГОВАЯ СЛУЖБА ИНФОРМИРУЕТ

# О налоговых льготах при налогообложении имущества за налоговый период 2022 года по организациям и физическим лицам.

**Для налогоплательщиков юридических лиц**

Федеральным законом от 15.04.2019 № 63-ФЗ «О внесении изменений в часть вторую Налогового кодекса Российской Федерации и статью 9 Федерального закона «О внесении изменений в части первую и вторую Налогового кодекса Российской Федерации и отдельные законодательные акты Российской Федерации о налогах и сборах» введен заявительный порядок предоставления налоговых льгот для налогоплательщиков-организаций по транспортному и земельному налогам.

Заявление о предоставлении налоговой льготы (КНД 1150064) заполняется налогоплательщиком на основании документов, подтверждающих право на налоговую льготу за период ее действия, указываемый в заявлении, и представляется в любой налоговый орган. Если такие документы у налоговой инспекции отсутствуют, то по информации, указанной в заявлении, она запрашивает сведения, подтверждающие право на льготу, у лиц и органов, располагающих ими, затем информирует налогоплательщика о результатах.

Следует отметить, что предельный срок подачи такого заявления законодательством не определен, но поскольку с 2021 года ФНС России направляет налогоплательщикам-организациям сообщения об исчисленных суммах транспортного и земельного налогов (ст. 363 Налогового кодекса, форма утв. приказом ФНС России от 5 июля 2019 г. № ММВ-7-21/337@), Инспекция рекомендует направить заявления о налоговых льготах за 2022 год до 1 апреля 2023 года, ведь если на дату формирования сообщения у налогового органа нет информации о налоговой льготе, то в сообщение будут включены суммы налогов без учета льгот.

По результатам рассмотрения заявления о предоставлении налоговой льготы, налоговый орган направляет уведомление о предоставлении налоговой льготы либо сообщение об отказе от предоставления налоговой льготы.

**Как узнать, какие льготы положены при уплате налогов физических лиц:**

1. • Зайти на сайт ФНС России: www.nalog.gov.ru раздел «Сервисы» и воспользоваться информационным ресурсом «Справочная информация о ставках и льготах по имущественным налогам»
2. • Выберите вид налога
   • Налог на землю, транспортный налог, налог на имущество физических лиц.
3. • Выбрать налоговый период
4. • Выбрать субъект Российской Федерации, муниципальное образование.

**Как использовать право на льготу?**
**Обратиться с заявлением о предоставлении льготы по имущественным налогам физических лиц:**

| | | |
|---|---|---|
| В любой налоговый орган | МФЦ | Онлайн сервис «Личный кабинет налогоплательщика для физического лица» |

**Форма заявления о предоставлении налоговой льготы, порядок ее заполнения, формат представлении такого заявления в электронной форме утвержден приказом ФНС России от 25 июля 2019 г. №ММВ-7-21/377@**

■ МЧС ИНФОРМИРУЕТ

# Всемирный день гражданской обороны

**Ежегодно 1 марта отмечается Всемирный день гражданской обороны (WorldCivilDefenceDay). В 1931 году по инициативе нескольких государств французский генерал медицинской службы Жорж Сен-Поль основал в Париже «Ассоциацию Женевских зон» — «зон безопасности», для создания посредством двухсторонних и многосторонних соглашений локальных зон безопасности во всех странах.**

Впоследствии Ассоциация была преобразована в Международную организацию гражданской обороны (InternationalCivilDefenceOrganisation, ICDO; русск. — МОГО). В 1972 году МОГО получила статус межправительственной организации. В настоящее время в МОГО входят 50 стран, еще 16 государств имеют статус наблюдателя.

Всемирный день гражданской обороны, установленный в 1990 году, отмечается с целью пропаганды знаний о гражданской обороне и поднятия престижа национальных служб спасения. День 1 марта выбран не случайно. Именно в этот день вступил в силу Устав Международной организации гражданской обороны, который одобрили 18 государств.

МЧС России вошло в Международную организацию гражданской обороны в 1993 году и участвует во всех основных мероприятиях, проводимых этой организацией.

В наши дни в России понятие «гражданская оборона» перестало быть символом исключительно военного времени. Крупные пожары, техногенные и природные катастрофы, теракты и другие чрезвычайные ситуации могут принести не меньше разрушений. Предотвращение и ликвидация последствий подобных происшествий, а также профилактическая работа с населением входит в задачи как органов исполнительной власти, так и министерств, ведомств, предприятий и организаций, являющихся звеньями территориальной подсистемы РСЧС.

Мирная жизнь заставляет быть в постоянной готовности. Авиакатастрофы, аварии на транспорте, наводнения, лесные пожары, промышленные аварии… Чтобы эффективно бороться с чрезвычайными ситуациями, необходимо поддерживать постоянную и ежедневную готовность сил и средств, проводить учения и тренировки, обучать и информировать население, оповещать его об опасностях, координировать работу органов исполнительной власти, занимающихся вопросами ГО и ЧС, и так далее, и тому подобное. Это ежедневный кропотливый труд. При непосредственном возникновении военных конфликтов, природных, техногенных катастроф специалисты МЧС России готовы решать вопросы обеспечения пострадавшего населения всем необходимым – от медицинского обслуживания и предоставления жилья до восстановления и поддержания порядка.

Такие праздники, как Всемирный день гражданской обороны, играют важную роль в жизни общества, поскольку заставляют каждого из нас на миг остановиться и задуматься о самом главном: о человеке и его безопасности в этом непостоянном мире. Сегодня мы поздравляем вас, тех, кто имеет непосредственное отношение к делу гражданской обороны страны, с этим замечательным праздником! Мира вашему дому, уважения от окружающих и уверенности в завтрашнем дне!

Начальник ОНД и ПР № 17 ГУ МЧС России по РД
Мурад Гамзатов


ЦОЛЪИ

БЕТIЕРАЙ РЕДАКТОР
МухIамадова ПатIимат Шапиюлаевна
тел: 2-22-09
код: 887259

ЖАВАБИЯВ СЕКРЕТАРЬ
ГьитIинова ПатIимат Жамалудиновна

КОРРЕСПОНДЕНТАЛ
Д.Давудов
ТI. МухIамадов

ФОТОКОРРЕСПОНДЕНТ
МухIамад ХIамзатов

РЕДКОЛЛЕГИЯ:
П. ГьитIинова,
М. Гъазалиев,
Ш. Абакаров,
М. ГъазимухIамадов.

НАБОР
М. ГьитIиномухIамадовалъул

ДИЗАЙН - ВЕРСТКА
Марьям ГIисаевалъул

Газета гIуцIарал: Муниципалияб гIуцIи «Шамильский районалъул» администрация

Учредители: Администрация муниципального образования «Шамильский район»

БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана “ЩIияб канлъи” ва “БагIараб цIва” абурал цIаразда гьоркь.

Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда

Газета кьабуна ДРялъул миллияб политикаялъул, информациялъул ва къватIисел бухьеназул министерствоялъул “ГУП РГЖТ” типографиялда;
Петр-I къватI, 61
Тираж - 1000
Индекс 51368

Газета зарегистрирована Федеральной службой по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций (Управление Роскомнадзора по РД)
Регистр. номер ПИ №ТУ05-00440

Графикалда рекъон печаталде кьураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде- кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидал-ги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал материалал газеталда рахъула, гьезие общественносталъ къимат кьезелъун.
Нижер электронияб почтаялъул адрес: gazeta.yedinstvo@mail.ru

Издателасул ва редакциялъул адрес:
РОССИЯ, Республика Дагестан, Шамил район, ХIебда росу
Имам Шамилил къватI 50